

Dat: \_\_\_\_\_

Nimewo Dosye: \_\_\_\_\_

Non Aplikan/Patisipan: \_\_\_\_\_

Sant: \_\_\_\_\_

## **Pyès Idantifikasyon ki gen Foto pou Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP) / Avi pou Anprent Dijital pou Asistans Lajan Kach / Referans nan AFIS Freedom (Haitian Creole)**

### **Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP)**

Si w ap aplike pou avantaj SNAP oswa si w ap resevwa avantaj SNAP, epi si ou bezwen yon kat idantifikasyon ki gen foto, n ap voye ba ou yon operatè Sistèm ki Otomatize pou Anprent Dijital (AFIS) pou yon foto sèlman. Foto a ap parèt sou Kat Idantifikasyon Avantaj Komen (CBIC) ou. Kat sa a se kat w ap itilize pou sove avantaj ou yo.

### **Pwogram Asistans an Lajan Kach**

Si ou aplike pou avantaj regilye oswa pou ijans nan Asistans Lajan Kach, oswa si w ap resevwa avantaj la, epi si ou se yon adilt (ki gen laj 18 tan oswa plis), oswa si ou se chèf kay la, ou dwe enskri nan AFIS pou fè anprent dijital ou. Y ap konpare enfòmasyon sa yo avèk lòt dosye aktif ki nan òdinatè pou yo kapab ede nan detèmine kalifikasyon kay ou pou resevwa asistans epitou pou evite ou patisipe de fwa. Si ou se yon adilt ki aplike pou resevwa/k ap resevwa avantaj Medicaid epi si kat Idantifikasyon Asistans Medikal ou fèt pou genyen yon imaj-foto, ou gen obligasyon pou enskri nan AFIS pou yo kapab fè foto ou sèlman. Aplikan/patisipan nan Avantaj Family Health Plus ak Planing Familyal gen egzanpsyon nan tout egzijans AFIS yo. Tanpri vini avèk pyès idantifikasyon ou nan Inite Anprent Dijital la.

AFIS ap fè anprent dijital ou yo epi l ap fè foto ou byen vit ak san pwoblèm. Imaj ak foto sa yo ap konsève epi y ap konpare yo avèk pa lòt moun ki aplike/patisipe. Anmenmtan n ap fè anprent dijital ou, n ap anrejistre siyati ou sou fòm elektwonik pou nou kapab ba ou yon Kat Idantifikasyon Komen pou Avantaj yo (CBIC). W ap bezwen kat sa a pou al chèche avantaj ou yo.

### **AFIS Freedom avèk Èd Lajan Kach (Cash Assistance)**

Dapre pwogram AFIS Freedom, ou kapab ale nan Sant Travay ki pi pre ou, oswa nan nenpòt Sant Travay ki nan vil la (ale nan Anyè AFIS [W-519N]) pou konfòme ou avèk egzijans pou fè anprent dijital. Tanpri vini avèk pyès idantifikasyon ou nan Inite pou Fè Anprent Dijital la.

### **Men moun ki pa gen obligasyon pou fè anprent dijital yo:**

- Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman Aplikan/Patisipan
- Moun ki pa aplike pou Asistans Lajan Kach oswa ki p ap resevwa li, epi ki pa gen responsablite legal pou okenn moun nan kay la ki aplike pou Asistans Lajan Kach oswa k ap resevwa li.
- Moun ki gen pwoblèm fizik epi ki pa kapab respekte egzijans sa a akòz yon domaj oswa yon andikap. Men, si pwoblèm medikal sa a la pou yon ti tan, ou fèt pou pran yon randevou pou retounen al fè anprent dijital ou.
- Aplikan/Patisipan ki poko gen laj 18 tan sof si yo se chèf kay la.
- Moun k ap resevwa SSI epi ki aplike pou yon Asistans pou Ijans yon sèl fwa nan sibvansyon Adilt (EAA). (se sèlman si tout moun nan kay la ap resevwa SSI).
- Rezidan ki nan lokal Swen an gwoup.
- Aplikan/Patisipan ki oblije rete lakay yo.

**Si ou pa konfòme ou avèk egzijans pou al fè anprent dijital la, sa ap lakòz yo refize/fèmen dosye ou.  
Si ou pa konfòme ou avèk anprent dijital la sa p ap afekte kalifikasyon ou pou  
avantaj Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP).**

### Asistans Lajan Kach Sèlman

- Mwen jwenn egzanpsyon pou mwen pa la fè anprent dijital paske mwen satisfè youn nan kritè egzanpsyon ki endike nan **paj 1**.
- Mwen **pa** dakò pou al fè anprent dijital mwen. Mwen aplike/ap chèche re-sètifikasyon pou Asistans Lajan Kach, epitou mwen vin konnen, si mwen pa dakò pou fè anprent dijital mwen, m ap vin pa kalifye epitou y ap rejte oswa fèmen dosye mwen jan sa apwopriye.

Siyati Aplikan/Patisipan \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

**Ale nan Inite Anprent Dijital la, \_\_\_\_ Etaj** Dat Randevou a: \_\_\_\_\_ Lè: \_\_\_\_\_  AM  PM

Non Aplikan/Patisipan: \_\_\_\_\_ Nimewo Sekirite Sosyal: \_\_\_\_\_

Nimewo Rejis/Nimewo Dosye: \_\_\_\_\_ DOB: \_\_\_\_\_ CIN: \_\_\_\_\_

Sèks:  Gason  Fanm

### AFIS Freedom

#### Instructions to the AFIS Operator

**Finger Imaging Referral**  Applicant  Participant **Case Type:** \_\_\_\_\_

Job Center Number: \_\_\_\_\_

Worker's Name: \_\_\_\_\_ Worker's Telephone Number: \_\_\_\_\_

Finger Image, Photograph, and Signature

Applicant/Participant imaged under CIN \_\_\_\_\_ please transfer to CIN \_\_\_\_\_  
To transfer an AFIS image from one CIN to another, you must contact the HRA AFIS Helpdesk and provide them with the CIN the applicant/participant is imaged under and the CIN the image should be transferred to. (Complete a Finger-Imaging Routing Slip **[W-519C]** and place it in the designated basket to be returned to the Worker.)

Photograph and Signature Only (Payee Only CA Applicants/Participants)

Identification Only (Please verify identity)

#### Identifikasyon nan Foto - SNAP ak Medicaid sèlman

Foto ak Siyati Sèlman pou Aplikan/Patisipan nan Medicaid oswa SNAP